



Rele yon moun lajistis pou dèt lwaye -Demanda por deuda de arriendo

Li eksplike kisa yon mèt kay dwè fè ak yon lokatè ki pa peye lwaye.

- Mèt kay la ka trennen lokatè a lajistis paske li dwe lwaye?**
 Wi, lalwa bay mèt kay la fakilte pou trennen yon lokatè lajistis si li pa peye.
- Konbyen mwa reta yon moun ka dwe pou trennen li lajistis?**
 Lalwa bay mèt kay la dwa al lajistis aprè yon peryòd konplè ak dèt la, sa vle di, Se chak mwa yo peye kay, li sifi ke w dwe yon mwa pou yo trennenw lajistis.
- Kisa mwen bezwen pou m prezante yon plent?**
 Moun kap pote plent la dwe dabò etabli ki prè v li pral itilize pou pwouve ke lokatè a pa peye. Si l ap itilize temwen, li pa kapab plis ke 4. Li dwe mete non temwen yo nan plent la.
- Pou w poze yon plent ou dwe gen yon avoka?**
 Non, ou pa bezwen yon avoka si dèt mwa lwaye mwens ke 4 UTM (Unidad Tributaria Mensual). Pou kantite ki plis ke sa, w ap bezwen yon avoka?
- Nan ki tribinal y ap pote plent la?**
 Yo prezante plent la nan tribinal sivil.
- Èske jijman an ap fè aloral oubyen alekri?**
 Jijman an ap oral men moun kap jije yo kapab prezante dokiman ekri.
 Premye odyans la dwe fèt nan senk (5) jou abil maksimòm aprè yo fin bay manda a. Nan yon premye odyans chak pati yo dwe eksplike sak pase a, prezante prè v yo epi eseye jwenn yon akò. Si moun ki depoze plent la pa ka bay prè v imedyatman, li kapab fè sa nan yon lòt odyans ki dwe fèt nan senk (5) jou ankò maksimòm. Aprè sa, jij la gen yon dèlè 10 jou pou l bay santans la.
- Eske mèt kay la kapab mande pou lokatè ki dwe a kite kay la nan moman yo depoze plent la?**
 Wi, pou sa fèt ap gen yon dèlè de (2) mwa. Espas tan sa a kapab ogmante tou, avèk kritè yon mwa pou chak ane, ak yon limit 6 mwa.
- Èske ou ka refize desizyon ki sòti nan premye jijman (Èske ou ka fè yon entèpelasyon si w gen nouvo prè v?)**
 Wi, men ou ka fè sa sèlman nan yon premye enstans ak rezolisyon ki mete fen nan jijman. Aprè yon nouvo entèpelasyon an, ou p ap ka fè yon lòt ankò.
- Èske w ka mande yon lokatè ki deja dwe kay la pou l peye lajan sèvis yo (kouran, dlo, depans komen ak lòt)?**
 Wi, lokatè a dwe peye tout sèvis yo jiskaske li peye tout dèt ki genyen oubyen li remèt kay la.
- Èske lokatè dwe peye enterè paske li peye anreta?**
 Wi, enterè a ap varye an fonksyon UF (Unidad de Fomento) ant dat pèyman an te dwe fèt la ak dat li vin fèt la.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.